## ЦАРДÆН Е ’МДЗО КÆНУН КУ НÆ ФÆРАЗАЙ, УÆД ФÆСТЕГÆЙ БАЙЗАЙДЗÆНÆ!..



***Владимир СОЛОУХИН (1924-1997), финсæг: «А зæнхæбæл цæрæг адæймæгути байуарун æнгъезуй æртæ устур къуаребæл кенæ тумбулæгебæл. Цардæгæстæ – абони, мæнæ нуртæккæ ка цæруй. Ка рамардæй – кæддæри рæстæгути æма æнзти ка цардæй. Æма æртиккаг тумбулæгæнæмæлгитæ. Сæ мæлæти фæсте дæр ке гъуддæгутæ æма нæмттæ идарддæр дæр ма цæрунцæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№19 (988) 2025 анзи 24 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


### ИМИСÆН

# Æ ЦАРДВÆНДАГ – АРФÆГОНД, Æ РОХС НОМ НИН – ЦИТГИЙНАГ



Анзи размæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй нæ Иристони номдзуддæр адæймæгутæй еу, Уæрæсей Федераций уæлдæр скъолай æскъуæлхт косæг, Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг, экономикон наукити доктор, профессор Тохъайти Хасанбийи фурт Нох (1941-2024). Зæрдристæй хъонц кæнæн, зæрдхъурмæй æй имисæн. Æ номерæнæн æрмæгутæ ба мухур кæнæн нæ газети абони номери 4-5-аг фæрстæбæл.

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

### НОМЕРÆН



**ГИБИЗТИ Оскар**

## ГЪУДИТÆ, САГЪÆСТÆ, БÆЛДИТÆ...

Ме ’скурдиадæ мин мæ хурфи ка рамардта, уони ’скурдиадæ дæр кæддæр кадæртæ рамардтонцæ.

* * *

**Мæ зæрди мин ме ’скурдиадæ къæрандæсти тæлитæбæл бастæй адæми æхсæнти зуфцæй фæлласуй, æма æй етæ ба се ’взæгути æхситæй нæмунцæ.**

* * *

Мæ æмдзæвги мин мæ бæлдæ финсæн сести топпитæбæл бастæй критикти æфсади рæнгъити æхсæнти фæттæруй, æма æй етæ ба къæрандæсти лæдзгутæй нæмунцæ.

* * *

**Мæ фондзрæнгъон æмдзæвги тъæпæн къохæй мæ зæрди уалхъос ниццавтон æма гæгъæди ’й хуссæнбæл æ тъæпп фæццудæй.**

* * *

Æз зæгæл – царди цулухъи. Сумах царди къахи буни уæхе æргубур кодтайтæ, фал æз ба æррæстæй байзадтæн, æма мæбæл ме ’знæгтæ сæ сагъæси къохæй ку рафсæрунцæ, уæд æй иснæхсун (еунæг æз!), æма сæ къах истæхсуй.

*Нæ æдзард искурдиадæгин поэт Гибизти Рамазани фурт Оскари райгурдбæл 20 майи исæнхæст æй фондз æма æртинсæй анзи (1960-1993). Уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн 6-7-аг фæрстæбæл.*

### ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ



## ХУÆРЗУАГОН УÆД УÆ КУВД, ТОМАЙТÆ!..

Томайти муггаги Совет сæ муггаги кувдмæ хонуй сæ муггаги минæвæртти еугурей дæр. Кувд арæзт цæуй аци анзи 6 июли.

Кувд аразуни æма си архайуни гъуддæгути фæдбæл фарстати туххæй базонæн ес, телефонæй бадзоргæй мæнæ ауæхæн номертæмæ:

**8-918-838-84-85 (Батраз)**
**8-918-830-00-02 (Таймураз)**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Зундгонд хирург, афицер, сæрмагонд æфсæддон операций архайæг* ***МАХЪОТИ*** *Мæхæмæти фурт Хазбийæн аккаггонд æрцудæй цитгин ном «Ирæфи муниципалон райони кадгин гражданин». Æхсаргин тугъдони банимайундзийнадæ ахсгиаг æй кæстæрти Фидибæстæбæл æновуд унбæл гъомбæл кæнуни гъуддаги.*

ЛÆГÆН ДУЙНЕБÆЛ ЗÆРДТАГОНДÆР ЦИ ÆЙ?.. МАДÆ, ФИДИУÆЗÆГ, РАЙГУРÆН БÆСТÆ!..






# «УСТУР БÆСТÆ. УСТУР ИСТОРИ. УСТУР УÆЛАХЕЗ»

Дзæуæгигъæуи адтæй наукон-практикон конференци «Устур бæстæ. Устур истори. Устур Уæлахез». Æмбурди архайгути размæ радзубанди кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Конференцимæ исаккаг кодтонцæ республики паддзахадон æма муниципалон хецаудзийнади оргæнти разамонгутæ, ветерантæ æма æндæр æхсæнадон еугæндти минæвæрттæ, наукæ æма культури архайгутæ, ахурдзау фæсевæд…

Сергей Меняйло æ радзубандий фæббæрæг кодта, Устур Уæлахези 80 анзей юбилейи бæнтти уæхæн конференцитæн уæлдай ахсгиаг нисанеуæг ке ес, уой. Æ дзубандимæ гæсгæ, Уæрæсей нихмæ информацион нихмæлæуддзийнадæ ка раседтæй, уонæн дæр гъæуй аккаг нихкуъæрд дæттун.

– Нæ еугур дæр æвдесæн ан, фæстаг дæсгай æнзти дæргъи нæ «хуæрзгæнгутæ» истори фесинмæ кæнунбæл ке архайунцæ, уомæн.

Уони архайдæй дзурдтаг иссæй, Дуккаг дуйнеуон тугъдæн кæрон исæвæрунмæ устурдæр æвæрæн ка бахаста, еци гъуддаг дæр. Фал мах алли 9 Майи дæр дуйней зæрдæбæл æрлæуун кæнæн еци уæлахези аргъ – тугъди азарæй бабун æнцæ 30 миллион советон адæймагемæй фулдæр. Уæхæн зæрдресæн нимæдзитæбæл дзоргæй, ка гъæуама исфæраза, раздæри Советон Цæдеси адæмтæ еумæйаг уæлахезмæ ци æгæрон æвæрæн бахастонцæ, уой дæлдзенæг кæнун? Еци рæстæгути еунæг паддзахадæ дæр нæ бавзурста, мах бæстæ ци зиндзийнæдтæ æма гъезæмæртти сæрти рахизтæй, уони. Уой хинцгæй, нуртæккæ вазуггиндæр нисан æй, цæмæй ирæзгæ фæлтæртæ зононцæ историон рæстдзийнадæ. Алли адæмæн дæр сæйрагдæр удварнон хæзнатæ 'нцæ æ истори æма културæ – уони багъæуай кæнунбæл гъæуама æвæллайгæй косæн. Уомæн æма еци удвæрнон гъомус ку нæбал уа, уæд нæхуæдтæ дæр ци уодзинан? Еу загъдæй, куд лæмбунæгдæр зонæн нæ истори, куд хуæздæр гъæуай кæнæн нæ культури удварнæ, уой бæрцæ тухгиндæр, федардæр уодзинан, – æ радзубандий фæббæрæг кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг.

Конференций архайгутæ докладтæ искодтонцæ Устур Фидибæстон тугъди сæйрагдæр цаути туххæй, сæрмагондæй æрлæудтæнцæ Кавказбæл тугъдтити нисанеуæгбæл, бафеппайдтонцæ, Иристони хъæболтæ тохи будури æма фæскъилдуни ци бæгъатæрдзийнадæ æма Райгурæн бæстæбæл æновуддзийнадæ æвдистонцæ, еци цæветтонтæ…

Зонадон форумæн фадуæттæ исаразтонцæ Уæрæсей æфсæддон-историон æхсæнади цæгатиристойнаг хайадæ æма Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраци.

ХУÆРЗГÆНÆГÆН ÆХЦÆУÆНДÆР УОДЗÆНÆЙ, ИННЕТÆ ДÆР ÆЙ АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆЙ КУ БАФÆНЗОНЦÆ!..

# ЦÆРДЗÆНÆНЦÆ ÆНОСТÆМÆ СÆ РОХС НÆМТТÆ КАДГИНÆЙ...

Евгъуд авдисæри Толдзгуни уиндгундæр рауæни кадгин уавæри байгон кодтонцæ, Устур Фидибæстон тугъди æнзти гъæуи цæргутæй знаги нихмæ карз тохи Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, уонæн номерæн мемориал. Еци æдзард тугъдонтæ адтæнцæ гъæубæсти алли муггагæй дæр – æдеугурæй адтæнцæ дууадæс æма æртинсæй адæймаги. Мемориали къæйдорбæл уони рохс нæмттæ финст æрцудæнцæ, уой хæццæ ба ма еци номхигъдмæ бахастонцæ, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ гъæуи ци цубур рæстæг фæцæнцæ, уæд партизантæн агъаз кæнунцæ, зæгъгæ, ке фæффудгин кодтонцæ, æма ке рамардтонцæ, еци фондз бунæттон цæрæгей муггæгтæ дæр – етæ ба адтæнцæ: Хæмицати Данел æма Сандир, Сандири цуппæрдæсанздзуд биццеу Пълан, Хортити Тубу, Габети Хазби.

Толдзгунæй рацæуæг бæгъатæр тугъдонти рохс нæмттæ исæносон кæнуни ихæс æхемæ райста амалгъон **Хортити Хаджумари фурт Артем**. Е берæ æнзти дæргъи фæццардæй Нальчикки, нуртæккæ æрбунæттон æй æ райгурæн гъæуи, байгон кодта минкъий кустуат, æ агъази хай хæссуй е 'мгъæуккæгти царди социалон-экономикон фарстатæ лух кæнуни гъуддæгутæмæ.

Номерæн мемориал исаразуни туххæй еугур хæрзтæ дæр Артем æхемæ райста. Зæрдиаг агъаз ба ма ин кодтонцæ Толдзгуни бунæттон администраций сæргълæууæг **Темурти Таймураз**, е 'рвадтæлтæ **Хетæг** æма **Алан**, **Габети Рафаэль**, **Хортити Алан**, бунæттон скъолай коллектив.

Зæгъун гъæуй уой, æма Таймураз хуæрзæрæги райдæдта косун гъæубæсти администраций сæргълæууæгæй, фал нуриуæнгæ æхе равдиста хъæппæресгун разамонæгæй. Куд нин радзурдта, уотемæй Толдзгуни зингхуст тугъдонтæн уæхæн номерæн мемориал исаразунбæл Хортити Артеми хæццæ рагацау архайун райдæдтонцæ, дзæвгарæ лухкæнуйнаг фарстатæ си адтæй. Сæ нисанти хæццæ базонгæ кодтонцæ Ирæфи районы администраций сæргълæууæг **Хамихъоти Роберти** дæр, е хъæбæр хуарзбæл банимадта сæ хъæппæрес.



**ХОРТИТИ** Артем æ хъæппæреси фæрци арæзт мемориали рази.

Номерæн мемориал ку исцæттæ 'й, уæд æ игон кæнуни фæдбæл кадгин мадзали Хамихъоти Роберт æ радзубандий зæрдиагæй райарфæ кодта æ исаразгутæн. Загъта, ауæхæн мадзæлтти ахедундзийнадæ агъазиау æй, уомæн æма агъазгæнæг æнцæ абони нæ адæми фæлтæрти патриотон-гъомбæладон гъуддаги, уони фæрци нæ хестæрти æнæмæлгæ æскъуæлхтдзийнæдтæ нæ дзилли, уæлдайдæр ба кæстæрти зундирахасти аккаг бунат ахæсдзæнæнцæ.

Кадгин мадзали ма радзубанди кодтонцæ Ирæфи æма Дигори районти еугонд æфсæддон комиссаради сæргълæууæг **Хъæйирти Тимур**, Ирæфи районы ветеранти Совети сæрдар **Бетрозти Майрæн**. Уоми ма Иристон гъæуайгæнгути Цæдеси номæй ба Хортити Артемæн равардтонцæ Кади гæгъæди æма майдан «Уæлахез уодзæнæй мах».

***ХÆМИЦАТИ Морис.***
***Къарæ исиста***
***БЕТРОЗТИ Майрæн.***

ЗОНУЙНАГ

## САБИЙТИ СОЦИАЛОН БАРТИ СÆРБÆЛТАУ

Аци анзи, райдайæнæй нуриуæнгæ Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ 2010 сувæллонемæн, сæрмагондæй курдиадæ бадæттун нæ гъудæй, уотемæй байгон кодта адæймаги индивидуалон хигъди фæдзæхстадон номер (СНИЛС).

Сувæллони индивидуалон хигъдæн документтæ исаразуни фæткæ 2020 анзæй фæстæмæ æнхæстгонд цæуй проактивон уагæй ЗАГС-и оргæнти ист бæрæггæнæнти бундорбæл. Сабийи СНИЛС барветунцæ портал «Госуслуги»-й мади «личный кабинет»-мæ. Рæстбæл нимад хигъдон финст портали кæмæн ес, еци ниййергутæн ес амунд электронон лæггадæй пайда кæнуни фадуат.

Ниййерæгмæ регистраци æма хигъдон финст кæд нæййес, уæдта паспорт æма сувæллони райгурди туххæй æвдесæндари хæццæ амунд хайади клиентон службæмæ, кенæ берæкъабазгин центри офистæмæ бахатæг адæймагæн ес сувæллони адæймагон хигъди номер райсуни барæ. Фæдзæхстадон номер раттунцæ курдиадæ барветуни бон. Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади разамонæг **Милдзихти Аслан** уотæ зæгъуй:

– Сувæллæнтти гъомбæл кæнунмæ ка райста, айдагъдæр уæхæн бийнонтæн багъæуай кодтан СНИЛС-æн документтæ курдиади фæрци исаразуни фæткæ, уомæн æма гъæугæ бæрæггæнæнтæ фегъосун кæнуни барæ ес айдагъдæр сувæллæнтти гъомбæл кæнунмæ райсæг адæммæ. Курдиадæ бадæттуни дзаман аци адæймæгути ихæс æй гъомбæл кæнунмæ ист сувæллони райгурди туххæй æвдесæндар, уæдта сувæллони гъомбæл кæнунмæ есæг ниййерæги паспорт бавдесун.

СНИЛС гъæуй:

– сабийæн æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг медицинон фæдзæхстади полис райсунæн;

– лæвар медицинон лæггæдтæй сæйгæдæнтти æма поликлиникити пайда кæнунæн;

– æндæр социалон гъуддæгутæн.

СНИЛС агъаз кæнуй адæймаги туххæй бæрæггæнæнтæ ведомствити еумæйаг архайди бавдесунæн. СНИЛС-и агъазæй аллихузон паддзахадон лæггæдтæ бакæнунæн æма социалон льготитæ банхæст кæнунæн паддзахадон структуритæ хуæдбарæй гъæугæ документтæ байагорунцæ, æма уотемæй аллихузон ведомствитæмæ бавдесунæн гъæугæ гæгъæдитæ райсунæн адæм харз кæнунцæ минкъийдæр рæстæг.

Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центр:

8-800-100-00-01 (телефонæй бадзорæн ес лæвар; регионалон хайади кусти фæткæ: адвисæрæй цуппæрæнмæ – 9 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минутти уæнгæ).

***Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

**Парти «Кермен»-и разамонгутæй еу, номдзуд революционер, паддзахадон архайæг Арсæгти Горгай (Александр Беппай фурти) райгурдбæл 23 мартъий исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1895-1938).**

***Устур Фидибæстон тугъди архайæг ПАГÆТИ Александрбæл æрæги исæнхæст æй сæдæ анзи. Уой фæдбæл цитгингæнæн æмбурд арæзт æрцудæй Уруссаг академион театри. Уоми ма кадгинæй исиуазæг кодтонцæ тугъди ветерантæ ХУДИАТИ Чермен æма Александр ВАРЛАМОВИ дæр.***


ГУЙТИ Алийхан


ГУЙТИ Муссæ

# ФИДÆ ÆМА ФУРТИ ÆХСАРГИН ЦАРДВÆНДÆГТÆ



**БИЧИЛТИ Алетæ,**
Уæрæсей Федераций журналистти Цæдеси иуонг

***– Чиколайæгтæ Гуйти Хамбийи фурт Алийхан æма æ фурт Муссæ æхсаргинæй дæрæн кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути. Мусси тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ куд агъазиау адтæнцæ, уомæн æвдесæн æй, Мæскуй 1945 анзи 24 июни Уæлахези паради архайуни кадгин барæ ин ке исаккаг кодтонцæ, е дæр.***

Устур Фидибæстон тугъд хумæтæги нæ хонæн еугурадæмон – гитлерон æрдонгтæ нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ, зæгъæ, æверхъау хабар куддæр райгъустæй, уотæ советон адæмихæттити минæвæрттæ уайтæккæдæр дзиллонæй иситадæнцæ знаги нихмæ тохмæ. Тугъдмæ еци разæнгардæй тундзтæнцæ, тохунгъон кадæриддæр адтæй, етæ. Уой дæр – еу бийнонтæй цалдæргæйттæ, уидæ æма фидæ æ фуртти хæццæ. Уотæ Чиколай цæрæг номдзуд лæгтæй еу, Гуйти Алийхан æма æ фурт Муссæ дæр фиццаг тугъдонти хæццæ ранæхстæр æнцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохмæ.

### «ЦÆУÆН ÆМА ЛÆГДЗИЙНАДÆ БАВДЕСÆН ЗНАГИ НИХМÆ ТОХИ!..»

Мæ сабийдогæй хуарз гъуди кæнун уой, æма нæ синхи лæгтæ ку бамбурд уиуонцæ æма хабæрттæ кæнун ку байдайиуонцæ, уæд ахид æримисиуонцæ евгъуд рæстæгути цаутæ, уæди æскъуæлхт адæймæгути. Ахид ке кой ракæниуонцæ, уонæй еу адтæй Гуйти Хамбий фурт Алийхан дæр.

Советон хецаудзийнади арæзти сæрбæлтау Гуйти Алийхан е ’мгъæуккаг дзурддзæугæ лæгтæ Будтути Муха, Хуасдзаути Амурхан, Гарданти Гæбæлиндзæ, Туйгъанти Майрæн, Золойти Даукуй, Тетцойти Агубекир æма иннети хæццæ рæстзæрдæй æма æнову̀дæй тох кодта Советон хецаудзийнадæ Иристони дæр исцардгъон кæнуни сæрбæлтау, уæдта еци разæнгардæй архайдта нæуæг, фæллойнæгæнæг дзиллæн амондхæссæг цардаразæгти гъуддæгути. Зæгъæн, Чиколай фиццаг колхоз аразæг дæр адтæй. Аци хæдзарадæн Алийхан адтæй æ сæрдар æма æ партион организаций секретарь дæр.

Еуварс нæ адтæй уæди рæстæги цардаразæг еугур гъуддæгутæй дæр. 1928 анзи Дигори къанау аразун ку байдæдтонцæ, уæд уоми зæнхæкъахæн куститæ æнхæст кæнунмæ хумæтæг бели хæццæ ка рараст æй, уонæн дæр – сæ фиццаг. Æ хъиамæттæ ’нцæ Чиколай фиццаг астæуккаг скъолай, сæйгæдони æма иннæ арæзтæдти. Нæ Райгурæн бæстæмæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ ку ’рбалæбурдтонцæ, æма бабæй нур æ агъаз ку багъудæй, уæд тугъдæвллад æма куствæллад коммунист ислæудтæй Райгурæн бæстæ гъæуайгæнгути æмрæнгъæ. Æ загъд адтæй: «Цæуæн æма лæгдзийнадæ бавдесæн знаги нихмæ тохи!..»

Гуйти Алийхан хъазауатонæй тох кодта цифуддæр знаги нихмæ. Æ тугъдон æмбæлтти хæццæ берæ сахартæ æма гъæутæ исуæгъдæ кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй. Еу уæлахезæй иннемæ æдæрсгæй цудæнцæ.

### ТУГЪДИ ТУФУЛТИ ХЕУОНИ ФÆУУИНУНÆЙ ЗÆРДИРАЙДÆР МА ЦИ УА!..

Тугъдон цардиуаги кæд æма берæ фæуунцæ гъезæмарæдзийнæдтæ, уæддæр си фæззиннуй уæхæн цийнæдзийнæдтæ дæр, æма цийфæнди зиндзийнæдтæ дæр феронх унцæ. Уæхæн цийнæйдзаг цау æрцудæй Гуйти Алийханбæл дæр. Цæветтонгæ, уотæ рауадæй, æма Хъирими æрдæгсакъадах, сахар Керчи не ’фсæдтæ немуцаг фашистти дзæмбутæй ку уæгъдæ кодтонцæ, раст еци бон ибæл æнай-æнойти исæмбалдæй е ’мгъæуккаг Тегати Сулейман.

Фæстугъд Тегай-фурт куста редакцити, иссæй зундгонд журналист. Æма кæддæр Гуйти Алийхани туххæй дæр ци очерк бацæттæ кодта, уоми сæ еци фембæлди туххæй уотæ финста: «Æ тоги æвдулдæй цæф æфсæддон. Мæйдар æхсæвæ. Дзармадзанти гæрæхтæ минкъийдæр игъусун райдæдтонцæ, акъоппити ка бадтæй, етæ дæр нур еуминкъий исуолæфдзæнæнцæ. Фал цæф æфсæддон ба, мæгур, нæтуй æма нæтуй. Мæлæти нихмæ бацудæй гъæбесæйхуæсти. Æхе нæбал лæдæруй, æндæр æхецæн нифситæ æвæридæ: «Гæрр, мæлæт еунæг ку æй, мæн ба агъазгæнгутæ дæр ку ес – санинструктортæ. Сæ еу – хъазайхаг лæхъуæн, иннæ – уруссаг. Æфсæддони цæф къах бабастонцæ, сæ усхъитæбæл æй фæххастонцæ Керчи дæлвæзæмæ. Ами дæр бабæй нæуæгæй нæ дохтиртæ хуасти фæрци мæлæти хорх хъæбæрдæр балхъивтонцæ. Фал бустæги рандæ унбæл мæлæт нæма кумдта. Æфсæддон æхемæ ку ’рцудæй, уæд æ цæститæбæл нæуæгæй рагъазта тогкалæн тугъд. Сонтæй фæгъгъæр кодта: «Размæ! Размæ!..» Иуæнгтæ фестъæлфтæнцæ, цæстити тъæфæлттæ сæхебæл исхуæстæнцæ. Æфсæддони минкъий фæстæдæр фæлластонцæ госпиталмæ. Мæнæ бал æй нур рахастонцæ, мах ротæ кæми æрбунат кодта раст еци будурмæ. Æз имæ хæстæгдæр бацудтæн. Æ уæлгъос ислæудтæн, кæсун имæ æма лæдæрун циуавæрдæр хеуони цæстингас.

– Бахатир кæнæ, кæцæй дæ? – бафарстон цæф æфсæддони. Е еурæстæг исдзорун нæ бафæразта, уæдта сабур гъæлæсиуагæй загъта:

– Кавказæй.

– Дигорон нæ дæ?

– Гъо, гъо дигорон дæн.

– Гуйти Алийхан нæ дæ?

– Е дæн, е, – дзуапп равардта цæф æфсæддон...

Уогæ ба, куд æхцæуæн фæууй тугъди будури гъæуккаги хæццæ фембæлун. Алийхан мин дзурдта æ тугъдон хабæрттæ. Цæветтонгæ, сæ роти еци бон æртæ хатти багъудæй атаки бацæун. Фашисттæ кæми бадтæнцæ, еци федæрттæ байахæссун мæнæ-мæнæ æнцон кæми адтæй. Фал цуппæрæймаг нимпурсти нихмæ гитлеронтæ нæбал бафæразтонцæ. Гуййи-фурт æма е ’мбал автоматчиктæ еци нимпурсти нихмæ гитлеронтæй инсæй æфсæддони æма афицери мæрдтæмæ барвистонцæ. Тугъд тугъд æй: нæхеуонтæй дæр беретæ равардтонцæ сæ цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Роти æфсæддонтæ сæ фидæ ке худтонцæ, еци мæ гъæуккаг ба уæззау цæф фæцæй, æ къах бустæгидæр фæссахъат æй...»

Гуйти Алийхан госпитали фæсте, нимад æрцудæй 1-аг къæпхæни инвалидбæл. Æздæхгæ ин æрцудæй æ райгурæн гъæумæ. Æ сахъатдзийнадæ нецæмæ даргæй, фæстугъд архайдта, хъæбæр æдзæллаг уавæрмæ ци еумæйаг хæдзарадæ ’рцудæй, уой нæуæгæй æ къæхтæбæл ислæуун кæнуни кустити. Гъæуи коммунистти фæндонмæ гæсгæ, Гуййи-фурт нисангонд æрцудæй фонсдарæн ферми хецауæй. Æма нæ фæррæдудæнцæ. Алийхани устур хъæппæрес æма организаторон менеугути фæрци цубур рæстæгмæ фермæ æ къæхтæбæл ислæудтæй. Фæккуста си пенсимæ рацæуни уæнгæ. Гуйти Алийхан æ удуæлдай тох æма фæллойни туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй цалдæр ордени æма майданемæй.

### Æ ХЪАЗАУАТОН ФИДÆН АККАГ ФУРТ АДТÆЙ

Гуйти Алийхан æма æ цардæмбал Сорæт (Зурати кизгæ) исгъомбæл кодтонцæ дууæ биццеуи æма дууæ кизги. Царди раст надбæл сæ исæвардтонцæ. Цæуæти хестæр Муссæ дæр æстдæсанздзудæй æ фиди фæсте рандæй, цифуддæр знаги нихмæ тугъди будурмæ. Æхсæг батальони рæнгъити хъазауатонæй тох кæнгæй, архайдта Ростов, Сталинград æма берæ æндæр æма цæрæн бунæттæ исуæгъдæ кæнунбæл карз æма тогкалæн тугъдтити. Куд, тугъдон æгъдауи дæсни æма бæгъатæр æфсæддон, уотæ нисангонд æрцудæй роти командирæй.

Муссæ æртæ хатти фæццæф æй, фал госпитæли кæронмæ некæд фæцæй: æ цæфтæ æнхæст нæма бадзæбæх уиуонцæ, уотемæй нæуæгæй рандæуидæ фронтмæ, нæуæгæй æ тугъдон æмбæлтти æмрæнгъæ ислæууидæ. æма æхсаргинæй дæрæн кодта знаги. Гуйти Мусси тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ цæйбæрцæбæл агъазиау адтæнцæ, уомæн ирд æвдесæн æй е дæр, æма ин исаккаг кодтонцæ Мæскуй 1945 анзи 24 июни Уæлахези Паради архайуни кадгин барæ.

Фæстугъд, æ райгурæн гъæу Чиколамæ исæздæхгæй, æ реубæл цæхæртæ калдтонцæ тугъдон хуæрзеугутæ: дууæ ордени æма фараст майдани. Тугъди фæсте Муссæ æ цард байеу кодта Дедегкати Менки хæццæ. Иссæнцæ тумугъ, кустуарзон бийнонтæ. Исгъомбæл кодтонцæ æртæ биццеуи: Ермак, Маирбек æма Хъазбеги. Царди раст надбæл сæ ниввардтонцæ. Се ’гъдау æма се ’фсарми фæрци бæрæг дардтонцæ гъæубæсти медæгæ.

Тугъди фæсте Муссæ берæ æнзти дæргъи куста Чиколай Ленини номбæл колхози æхсири-товарон ферми сæргълæууæгæй. Æ фидæ Алийхани кадгин ном дæлæмæ некæд æруагъта, дæнцæн ин адтæй æ царди æма æ кусти медæгæ дæр, рæстæг æ цуди кой кодта. Гуйти хестæртæ цийнæ кодтонцæ сæ кæстæрти рохс цардмæ кæсгæй, æхцæуæн син адтæй, сæ тох æма сæ фæллæнттæ дзæгъæли ке нæ фæцæнцæ, е...

Цийнæгæнгæй Гуйти тумугъ бийнонтæ сæ зæрдитæ бæргæ дардтонцæ сæ исонибони хуарзбæл, Фал... Ирисхъæ хаттæй-хатт æгæр æрæнхъау разинуй. Æма уæззауæй-уæззаудæр зæрдрист фæккодта Мусси хестæр фурт Ермаки цардбæллон бийнонти. Сæ дууæ фурти – Алан æма Арсен цардгъæуагæй мæрдти бæстæмæ бацудæнцæ. Æгъатир адзал сæ æ сау дзæмбутæй тумугъ бийнонти ’хсæнæй истудта... Рохсаг уæнтæ... Рохс дзенет, се ’носон бунат уæд ... Ермак æма Эммæ ба сæ устур зинæн бафæразæнтæ... Ци кæстæртæ син ес, уони хортæй æфсæст уæнтæ...

Алийхан æма Мусси байзæдтæгтæй сæ номдзуд хестæрти кадгин ном иронх макæд уæд!.. Сæ рохс сорæттæ син Бонвæрнон стъалуй хузæн сæ нæдтæ рохс кæнæнтæ!..

**Дæс æма дууинсæй анзей размæ, 1975 анзи майи нæ Циттин Уæлахези дæс æма инсæй анзей кадæн кидгин уавæри игонгонд æрцудæй Елхотти колдуари æма Суари коми æхсаргин гъæуайгæнгутæн номерæн мемориал**

*Из размышлений Н.Х. ТОКАЕВА: «У многих чиновников, причем разного уровня, вызывает раздражение все и вся, что не укладывается в их личном политическом сознании... Ну вот мы за философскую власть говорим. А для чего она? Для того чтобы люди научились мыслить... У нас сейчас с тобой своеобразная власть: не в смысле, кто кого возьмет, а в смысле, кто кому и как утвердит свою мысль, власть мысли.*

# «РАБОТАТЬ, РАБОТАТЬ, РАБОТАТЬ И БЫТЬ ЧЕЛОВЕКОМ...»

***В мае прошлого года не стало Ноха Хасанбиевича ТОКАЕВА – заслуженного работника высшей школы РФ, заслуженного деятеля науки РСО–А, доктора экономических наук, профессора, депутата Парламента РСО–А пятого и шестого созывов, внесшего большой и значимый вклад в развитие научной, политической и общественной жизни нашей республики.***

Нох Хасанбиевич мыслил исключительно рационально, возможно, сказывались его математический склад ума и любовь к точным наукам. Он ставил перед собой сложные задачи, я бы сказал, задачи со звездочкой, казавшиеся другим вовсе невыполнимыми. Он же выявлял проблему и находил решение.

Его отличала неторопливая манера говорить, неспешно и всегда рассудительно, взвешенно, так, что собеседник внимал каждому слову. Такие люди, реализовавшиеся в жизни в полной мере, часто говорят не то, что хотят от них услышать, а то, что считают правильным и нужным. Не каждый может позволить себе такую роскошь, а Нох Хасанбиевич мог. Конечно, за этим стояли знания и эрудиция, которые сочетались с невероятным стремлением к действию, он всегда работал увлеченно, с завидным интересом и самоотдачей. Не выпадал из реалий нынешнего дня. И тут можно рассуждать – благодаря преподавательской деятельности и общению со студентами, или, напротив, умение чувствовать пульс времени приводило к лучшему пониманию молодого поколения. Однако то, что это качество в полной мере позволило ему состояться в статусе депутата, – факт.

Профессор, доктор экономических наук, парламентарий, ярко проявлявший грани своего ума. Не припомню случая, чтобы какой-то вопрос, рассматриваемый на заседании парламента, остался вне его поля зрения. «Я знаю, о чем говорю», – любил он повторять. И это было правдой.

Уникальная способность «докапываться» до истины, видеть суть проблемы, анализировать с пророческой дальновидностью экономиста и лишь потом брать слово. По его глубокому убеждению, неприемлемо депутату парламента не иметь свою позицию, но в то же время, он не был индивидуалистом, не утверждал «одиночество», работал в команде. Имея свою точку зрения по спорной и горячо обсуждаемой теме, Нох Хасанбиевич выражал ее с парламентской трибуны не напористо и агрессивно, а аргументированно и убедительно. Иногда прямо, как есть, но бывало, что оставлял основную мысль за скобками. И это уже в чистом виде искусство – строить красивую, образную речь, заставляющую слушателя, оппонента самому прийти к правильному выводу.

Часто именно врожденное чувство такта не позволяло ему повышать тон, переходить за рамки дозволенного, их он выстраивал себе сам. По тем принципам, которым следовали старшие, по тем заветам, которые передавали младшим.

В общении с ним неизменно прослеживалась связь поколений. Это и есть то главное, что было даровано Ноху Токаеву от предков, воспринято с наставлениями отца и матери. К его стойкому характеру, в детстве выстроенному по-настоящему сельским укладом жизни и обогащенному физической работой, добавлялись знания, опыт, мастерство и профессионализм. Что и сделало из него того человека, чье имя сегодня вспоминаем с большой благодарностью.

...Мое первое знакомство с Нохом Хасанбиевичем Токаевым было заочным. Я родился в Чиколе, ходил в ту же школу, в которой учился он. К слову, его родной брат Марклен первым в селе окончил школу на золотую медаль. Конечно, и Нох Хасанбиевич учился выше всех похвал и сквозь годы пронес восхищение своими сельскими учителями, обладавшими незаурядными способностями и умением вызывать интерес к преподносимому на уроках материалу. Он их называл академиками своих предметов, возможно, уже тогда у него зародилась любовь к науке, преподаванию.



**Таймураз ТУСКАЕВ: «Незадолго до ухода Ноха Хасанбиевича из жизни, мы встретились у него дома. Меня поразила обстановка, царившая там. Повсюду книги, научные журналы, свежая пресса. Он восстанавливал здоровье после перенесенной болезни, что никак не отражалось на крепости духа и твердости его слова. Нох Хасанбиевич писал очередную статью для республиканской газеты, рассказал ее содержание. Нам, по обыкновению, было о чем поговорить...»**

Мы живем в селах, городах – маленьких и больших, растем в обществе, где всегда есть люди-ориентиры, на которых хочется равняться и брать пример. Сам того не подозревая, Нох Хасанбиевич укрепил веру чиколинского мальчишки в то, что он может достичь серьезных высот, найти свое призвание в жизни, состояться в профессии. Этим мальчишкой был я. Вот такое целеполагание возникло у меня в юном возрасте вокруг «явления» Ноха Токаева – большого ученого, выпускника Московского государственного университета им. М.В. Ломоносова, профессора, всецело посвятившего свою жизнь науке и выбравшего в ней многовекторный путь развития.

«Имея свою точку зрения по спорной и горячо обсуждаемой теме, Нох Хасанбиевич выражал ее с парламентской трибуны не напористо и агрессивно, а аргументированно и убедительно. Иногда прямо, как есть, но бывало, что оставлял основную мысль за скобками. И это уже в чистом виде искусство – строить красивую, образную речь, заставляющую слушателя, оппонента самому прийти к правильному выводу.

Интересно, что в МГУ он поступил только со второй попытки, что лишний раз подчеркивает его принципиальность и верность однажды намеченному курсу. К концу учебы он стал одним из четырех со всего курса студентов, рекомендованных вузом для поступления в аспирантуру. На курсе училось более 250 советских студентов и около 60 иностранных. Уже тогда в нем видны были талант и воля, организованность и требовательность – в первую очередь к себе. Стоит ли говорить, что диссертацию он защитил блестяще?! Впоследствии стал доктором экономических наук, профессором. Перед ним были открыты многие двери в Москве и Санкт-Петербурге, он же предпочел в итоге вернуться в родную Осетию, объяснив это не иначе, как «зовом крови». С 1988 года начал работать в СОГУ им. К.Л. Хетагурова, был деканом экономического факультета, затем возглавил кафедру «Финансы и кредит», посвятив вузу 35 лет своей жизни.

Первая наша очная встреча состоялась, когда я писал диссертацию. К тому времени окончил сельскохозяйственный институт, несколько лет проработал в Тульской области, вернулся в Осетию с тем, чтобы поступить в аспирантуру ГГАУ. Тогда и возникла передо мной фигура Ноха Хасанбиевича как именитого ученого – он был одним из оппонентов моей кандидатской. Однажды мне довелось побывать на защите диссертации, где Нох Токаев также был оппонентом. Помню, он очень жестко прошелся по тематике той работы, задавал важные вопросы, принципиальные. Конечно, я ехал к нему на встречу и очень переживал, потому что знал уровень Ноха Токаева и его высокую требовательность к научным трудам молодых ученых. Собрал все материалы, над которыми работал, показал ему. С первой минуты разговора у нас сложился взаимоуважительный формат диалога, мы обсуждали кандидатскую, мои подходы и видение.

Погрузившись в тематику моих научных разработок, он дал свою профессиональную оценку проделанному труду. Советовал так, что не чувствовалось давление, общался на равных. Мы с ним очень долго разговаривали, что для первой встречи было необычно. Двухчасовая беседа дала мне новое понимание мировоззрения ученого и тех экономических проблем, которые раскрываю в работе. Говорили на экономические, политические темы, о культуре, обо всем, что было близко нам обоим. То первое общение с ним заложило основу моего уважительного отношения к Ноху Хасанбиевичу, стало началом нашей дружбы старшего и младшего товарища. Он на всех этапах моего жизненного пути был для меня наставником и старшим товарищем.

И надо сказать, волею судьбы наши дороги часто пересекались. Нох Хасанбиевич был депутатом парламента, я возглавлял Правительство РСО–А. Шла работа по реализации национальных проектов в Северной Осетии. Необходимо было принимать важные решения в образовании, здравоохранении, экономике, и здесь, конечно, весомое слово имел Нох Токаев. Мы активно взаимодействовали в рамках большой правительственной рабочей группы, созданной по реализации национального проекта «Здравоохранение». Практически на всех совещаниях Нох Хасанбиевич исписывал мелким почерком несколько листов. Ученый с таким именем, он внимательно слушал все выступления, записывал поручения. Потом уже вдвоем мы обсуждали, как все это практически реализовать. Считаю, что Нох Хасанбиевич тогда внес большой вклад в аналитическую часть реализации нацпроектов в республике, в стабилизацию финансовых процессов и определение эффективных подходов в управлении ими.

С Нохом Хасанбиевичем был попрежнему на связи в период непродолжительного времени моего руководства высшим учебным заведением – Горским государственным аграрным университетом. Советовался по вопросам организации образовательного процесса, практической работы студентов. Мы обсуждали в целом роль науки в стратегии социально-экономического развития нашей республики.

Преподавание для Ноха Хасанбиевича было целым миром, где он выстроил свою систему вовлечения студентов в образовательный процесс. Считал, что нельзя заставить учиться, а тонкое искусство и мастерство педагога заключается в умении заинтересовать студента, вовлечь в науку. Его яркие, захватывающие внимание лекции, не лишенные чувства юмора, до сих пор вспоминают бывшие студенты. Он не просто читал лекции, а завоевывал доверие аудитории, донося предмет доходчиво, приводя практические примеры из их будущей профессии. Прекрасно понимал, что студенчество не может быть уложено в трафареты и не стремился этого делать. Но как я уже сказал, был требовательным педагогом. Его главной задачей было заставить молодые умы втянуться в познавательный процесс так, чтобы их собственная мысль заззвучала. Даже самым способным молодым людям обязательно нужно развиваться, а не просто получать хорошие оценки. Туго приходилось тем, кто к учебе относился несерьезно. К ним, конечно, снисхождения не было. Для него важны были знания, понимание предмета, погружение в тему, а не заузбренный материал. Еще он являлся сторонником того, чтобы студенты поддерживали связь с преподавателем не только в вузе, но и за стенами университета.

С первых дней работы Председателем Парламента РСО–А я делился с Нохом Хасанбиевичем планами по законотворческой деятельности, по анализу и мониторингу законодательства, определению механизмов бюджетной и налоговой политики. Конечно, прислушивался к советам мудрого старшего, за плечами которого был такой колоссальный багаж знаний и опыт работы.

Незадолго до ухода Ноха Хасанбиевича из жизни мы встретились у него дома. Меня поразила обстановка, царившая там. Повсюду книги, научные журналы, свежая пресса. Он восстанавливал здоровье после перенесенной болезни, что никак не отражалось на крепости духа и твердости его слова. Нох Хасанбиевич писал очередную статью для республиканской газеты, рассказал ее содержание. Нам, по обыкновению, было о чем поговорить: обсудили Болонскую систему образования; концепцию технологического лидерства страны и только что озвученное в те дни Послание Президента России Федеральному собранию РФ. Он поделился экспертным мнением, чем с экономической точки зрения может обернуться для России санкционное давление со стороны недружественных стран.

Нох Токаев к тому времени уже не был депутатом парламента, но пожелал плодотворной работы новому созыву, отметив, что всегда готов к сотрудничеству и подчеркнул: «Не только в экономике, но и во всех жизненных измерениях без расчетов не обойтись»...

Огромное место в его жизни занимала семья. Нох Хасанбиевич особо ценил и гордился статусом семьянина, считая его своим самым большим достижением в жизни. С большой любовью рассказывал о своих родителях, братьях, сестрах. Всегда тепло отзывался о супруге Татьяне Ивановне, она была его надежным тылом, всегда рядом, поддерживала и словом, и делом. Прочность их союза проверена годами – вступив в брак еще студентами, на втором курсе, они прожили душа в душу 57 лет.

Есть фразы, которые врезаются в память навсегда. Мне запомнилась история, рассказанная Нохом Хасанбиевичем, как они всей семьей встречали Новый год. Собрались дети, внуки. Затеяли что-то в виде поздравительной игры, ему выпало озвучить главное пожелание на предстоящий год. Он написал сразу, не задумываясь: «Работать, работать, работать и быть человеком». Мне кажется, у него получилось.

...В последний путь его провожали с чувством глубокой скорби и невосполнимой утраты. Он ушел, но оставил после себя богатое наследие для Осетии, которую искренне, горячо и преданно любил.

***Таймураз ТУСКАЕВ,***
***Председатель Парламента Республики Северная Осетия – Алания***

*Вообще, власть мысли – это заслуживает очень высокой чести.*
*Мы осетины такие: тысячу раз сделаешь, а в одном не угодишь – и тебя списали...*
*Много лет назад в одной компании некто из партийных ортодоксов стал возмущаться чем-то в обычае «сæр æма бæрзæй». На что Нох заметил: «Я нигде не прочитал, что марксизм-ленинизм против хлебосольности, особенно против уха, шеи...»*





Нох ТОКАЕВ вместе с членами своей семьи и родными на отдыхе.

# БУДЕТ ПОМНИТЬ ВРЕМЯ, БУДУТ ПОМНИТЬ ЛЮДИ



**АТАЕВ Мурат,** заслуженный экономист РСО-Алания, заслуженный работник образования РСО-Алания

***– Убежден, что светлое имя Ноха Хасанбиевича Токаева, память о нем не будут преданы забвению, и навсегда сохранятся в сердцах близких и родных, и тех, кто знал его... Для всех нас он навсегда останется в памяти чутким и отзывчивым человеком, со светлой душой и чистым сердцем...***

Уход из жизни любого человека всегда переживается тяжело, но горечь утраты бывает неизмеримо тягостной, когда уходит от нас личность незаурядная, ставшая неотъемлемой частью судьбы многих людей. Такой незаурядной личностью был и навсегда останется в нашей памяти наш незабвенный Нох Хасанбиевич Токаев.

Сознание никак не свыкнется с тем, что оборвалась жизнь деятельного, крупного, высокого авторитета ученого и, что особенно важно, жизнерадостного и благодетельного человека.

Уход его из жизни невосполнимая утрата не только для семьи, близких родственников, но и для односельчан, коллектива, где он долгое время работал, для Осетии, во благо которой он столь самозабвенно трудился, и для науки в целом.

Наверное, надо прожить какое-то время после его ухода из жизни, чтобы всем сердцем, всей душой почувствовать, как он был дорог для всех нас.

Так складывалась его судьба, что как ученый он вырастал вдали от Осетии, но тем не менее он, как говорится, сердцем и устремлениями был неотделим от родины. И вполне естественно, что наперекор всем заманчивым перспективам, вернулся сюда.

Ноха Хасанбиевича, к тому времени уже крупного и признанного в научном сообществе ученого, доктора экономических наук, профессора в 1988 году тогдашний ректор Северо-Осетинского госуниверситета А.Х. Галазов пригласил возглавить кафедру на экономическом факультете, а в 1989 г. назначил деканом этого факультета. И надо отметить, что Ахсарбек Хаджимурзаевич не ошибся в выборе данной кандидатуры на эту должность. Нох Хасанбиевич сразу же влился в коллектив факультета и университета. Я рад, что был его заместителем по деканату, и прежде всего потому, что он многому меня научил, за это я ему благодарен.

Приступив к исполнению своих обязанностей и заведующего кафедрой политической экономии, и деканата, он оживил научно-исследовательскую работу. Им в структуре факультета в 1988 году же была создана научно-исследовательская лаборатория новых условий хозяйствования – Центр экономических исследований.

В ее работе принимали участие одаренные студенты, преподаватели различных кафедр факультета. Впоследствии из этих сотрудников многие стали крупными специалистами в банковской сфере, на предприятиях, в банках, предприятиях, управленческих структурах, защитили кандидатские диссертации.

Нох Хасанбиевич, как грамотный специалист, аналитик, чувствующий экономическую ситуацию, постоянно привлекался в качестве эксперта и составителя перспективных планов развития экономики Осетии. Так, являясь научным руководителем, участвовал в разработке и реализации ряда республиканских программ, им была разработана первая программа перехода РСО-Алания на рыночные условия хозяйствования. Под его научным руководством была также разработана программа совершенствования стратегии социально-экономического развития РСО-Алания в условиях формирования рыночной экономики и др.

Он был неутомимым тружеником, отличался трудолюбием, работоспособностью, даром исследования. Им подготовлено и выпущено большое количество исследовательских работ: статьи, монографии, учебных пособий. Все они характеризуются глубиной и широтой исследования, разносторонностью.

Благодаря его научному руководству, многие аспиранты защитили в срок кандидатские диссертации, а докторанты – докторские. Он всем аспирантам щедро раздавал свои же идеи, бескорыстно помогал им, требуя исполнительской дисциплины подготовки диссертаций и их защиты.

Нох Хасанбиевич был эрудированным, энциклопедически образованным, теоретически разносторонним ученым, в работе демонстрировал хорошие организаторские способности.

Все это, казалось бы, позволяло ему претендовать на какие-то высокие должности, прежде всего во властных структурах. Только это, поверьте, его не прельщало. В этом я убедился, когда спросил его:

– Почему ты, Нох, с таким багажом знаний в области экономики и организаторским способностями не старался, хотя ты был достоин занимать руководящие, ответственные административные должности в масштабе республики и даже в федеральных Министерствах и ведомствах?

На мой вопрос он, помнится, ответил так:

– Меня приглашали на работу в Госплан СССР, в аппарат Правительства г. Москвы и Российской Федерации, в том числе и мои однокурсники по МГУ, а также Руслан Хасбулатов – Председатель Верховного Совета РСФСР, с которым я давно был в дружеских отношениях. Разные предложения были и на Украине. Но каждый раз я отказывался, так как считал своим призванием не административную работу, а научную деятельность и подготовку высококвалифицированных специалистов в области экономики. И я рад, что большую часть своей жизни посвятил этому благородному делу...

Научная деятельность профессора Ноха Хасанбиевича успешно сочеталась с педагогической деятельностью. Смею утверждать, что именно он первым в Осетии внес большой вклад в дело подготовки высококвалифицированных специалистов в области рыночной экономики. По его инициативе на экономическом факультете были открыты новые кафедры «Финансы и кредит», «Налоги и налогообложение», «Менеджмент организации» и «Маркетинг».

Он был талантлив и как педагог. Его лекции были содержательными и проблемными, на лекциях демонстрировал энциклопедические знания, отличную память, никогда не пользовался конспектами, отлично владел самым современным материалом, информацией по тематическим вопросам новой экономики.

Умелым преподнесением материала он покорял студентов – о чем мне рассказывали сами студенты. Кстати, со слов же студентов знаю, что такими же содержательными и проблемными были и лекции отличного педагога – доктора экономических наук Татьяны Ивановны Токаевой, супруги Ноха Хасанбиевича.

Замечательной особенностью педагогической деятельности Ноха Хасанбиевича следует считать, что он привлекал способных студентов к занятиям наукой, проводил часто собрания со студентами, интересовался, какие предложения, замечания у них есть по улучшению учебного процесса. Он выступал против введения бально-рейтинговой системы проверки знаний студентов, считал, что такая система контроля знаний снижает интерес у студентов к посещению занятий, к учебному процессу.

В работе в нем сочетались такие качества, как требовательность и благожелательность, справедливое и уважительное отношение к студентам, ко всему коллективу факультета. Мне, его заместителю по деканату, было доподлинно известно, что он среди работников и студентов факультета пользовался большим авторитетом и уважением. Когда встречаюсь с нашими выпускниками, все они вспоминают его, и не только его, но и Татьяну Ивановну с теплом и благодарностью. Они всегда подчеркивали, что они оба были для них отличными педагогами, прекрасными воспитателями. Их содержательные, проблемные лекции многому нас научили, дали нам глубокие знания по экономике, путевку в жизнь.

Кроме того, многие мои знакомые, прочитав ту или иную статью Ноха Хасанбиевича в газете «Северная Осетия», говорили мне:

– Какой умный, разносторонний ученый Нох Токаев. Как глубоко знает проблемы, поднятые им и предлагает одновременно пути их решения...

Он был оптимистом, человеком крепкой породы, с твердым характером, не пасовал в глаза высказывать свою точку зрения по тому или иному вопросу, даже зная, что она может не совпадать с мнением руководства.

Нох Хасанбиевич был патриотом страны, малой своей Родины, любил и почитал свой народ, всегда оставался неравнодушным к его судьбе. Он превосходно знал и соблюдал обычаи и традиции своего народа, беззаветно сильно любил свое родное село – Чиколу, где родился, вырос и возмужал. Среди односельчан он пользовался огромным авторитетом и уважением. Они гордились и гордятся, что в их селении родился и вырос такой известный, как в Северной Осетии, так и во всей стране экономист.

Будучи его заместителем по деканату, меня удивляла сила его характера, упорство его в достижении своей цели, умение доводить дело до победного конца.

Я иногда имел возможность общаться с ним не только на работе, но и в неформальной обстановке, выезжая на природу отдохнуть с друзьями-коллегами. Хочу подчеркнуть, что с ним всем нам было комфортно, легко и интересно. Будучи отличным рассказчиком интересных событий, с его тонким, изысканным чувством юмора нам было весело, приятно, уютно проводить наш отдых.

О Нохе Хасанбиевиче можно много интересного и хорошего рассказать, и из всего этого не могу не отметить, что он со своей супругой Татьяной Ивановной отличались не только как крупные ученые, но и своим удивительным гостеприимством. Они встречали гостей всегда с открытой душой, соблюдая наши традиции гостеприимства.

Нох Хасанбиевич, бывало после отличного отдыха на свежем воздухе, на обратном пути всегда непременно приглашал нас на «чашку чая». Обладая даром убеждения, он нас всегда мог уговорить.

Заходя к ним домой, нас всегда встречала с радостной улыбкой гостеприимная хозяйка – Татьяна Ивановна. Она сразу же бралась накрывать стол, несмотря на наши возражения. Она всегда говорила с юмором: «Когда гость приходит в наш дом это для хозяйки удовольствие – накрывать стол и причем очень быстро. Вот я и стараюсь». После этого мы продолжали свой «отдых». За обильным столом, кроме чая, разумеется, могли появляться и более крепкие напитки. Я Ноху задавал вопрос:

– Ты нас к чашку чая приглашал, а не «баловать» другими напитками. Его ответ неизменно был:

– Чай потом, но он у нас самый лучший...

Иногда я спрашивал его:

– Татьяна тебя гостеприимству научила?

Он мне отвечал:

– Да, она меня, а я ее!

И на самом деле они оба были таковыми!

Не могу не сказать и о том, насколько много времени Нох уделял своей семье. Он был хорошим семьянином, заботливым отцом, дедушкой. В 1966 году, будучи студентом второго курса, он связал свою судьбу с прекрасной девушкой – однокурсницей – Татьяной Мирякиной. Она оказалась человеком высокой культуры, с чутким сердцем и светлой душой, была для Ноха надежным тылом, поддерживала его во всем и всегда. Они на протяжении 57 лет совместной жизни создали крепкую и дружную семью. Воспитали двух прекрасных, замечательных дочерей: Олю и Асю. Они выросли в атмосфере тепла, уюта и искренней родительской любви, стали достойными продолжателями своих родителей. Обе успешно защитили кандидатские диссертации. Следует сказать, что учились самостоятельно, без помощи родителей.

В день похорон Ноха Хасанбиевича Токаева, учитывая его заслуги и огромный авторитет, проводить его в последний путь пришло огромное количество людей.

Отдать дань Ноху Хасанбиевичу пришли односельчане, коллективы СОГУ и других вузов республики, а также представители вузов Северного Кавказа. Проводить в последний путь пришло также руководство РСО-Алания. И много студентов – выпускников, а также многочисленные его родные, друзья и коллеги, соседи.

Убежден, что его светлое имя, память о нем не будут преданы забвению и навсегда сохранятся в сердцах близких и родных, а также преподавателей, работников СОГУ им. К.Л. Хетагурова, вузов, всех, кто постигал с ним профессиональные, научные, дружеские знания. Для нас он навсегда останется в памяти чутким, отзывчивым человеком со светлой душой и чистым сердцем.

***МАЛИТИ Васо (1938-2017), финсæг: «Оскари уарзтон, кæстæр æнсувæри куд фæууарзунцæ, уотæ. Е дæр, æвæдзи, мæнмæ дардта хеуони зæрдæ. Æ тæккæ тухстдæр сахатти мæ байагоридæ. Тухст сахæттæ 'ма тухст бæнттæ ба е 'взонг уодбæл берæ адтæй. Оскар мæлæтдзаг тох кодта æ нези хæццæ. Еци тохи адтæй еунæг, уæлдайдæр тар æхсæвти хуссæнбæл, æ сайтани хаймæ ба – æфсад: царди хæран æмæ цъумур, æхсæни царди æнæраст гъуддæгутæ, æхца, мулк, хе уоди пайдабæл***



Рахесæй галеумæ бадунцæ: Оскари мадæ Зæирæ, æнсувæр Вовæ, хуæрæ Умамæт; лæуунцæ: галеуæй рахесмæ дуккаг Оскар æма æ фарсмæ е 'нсувæр Астемур.

# «ÆЗ УЕ 'ХСÆН – МЕГЪТИ АРВÆРТТИВД...»



**КОЛИТИ Витали,**
Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг

***– Оскар дигорон поэзимæ æ хæццæ 'рбахаста, уæди уæнгæ зонгæ нæ, фал æстæфгæ дæр ке некæдма æркодтан, уæхæн нæуæгдзийнæдтæ... Æмдзæвгæ нæ, фал ин æ уотид еунæг рæнгъæ дæр неке хæццæ ес феййевдзигæнæн, поэт неке фæнзуй, неке тævагæ имæ хъæртуй...***

Поэзий дуйне мæмæ цæмæдæр гæсгæ фæккæсуй æрвон итигъдади хузæн. Арви æгæрон реубæл куд берæ мингай стъалутæ райтигъдæй, уотæ æнæнимæцон æнцæ æмдзæвгитæ дæр.

Æрмæстдæр стъалутау, сæ еуети цæхæр, се 'рттивдадæ æности медæги рæвдауй адæймаги цæститæ, æ зæрди ин игурун кæнуй цидæр æнахур уæлмонц æнкъарæнтæ, иннети рохс ба æстæфгæ дæр неке æркæнуй. Уæларвон тухæ син нæ раттуй зинги æскъæрнæгæй хай æма еци фæлорсæй зингæ дæр нæ ракæнунцæ.

Гибизти Оскар æхсæрдæсанздзуд уогæй, æхемæ æркæсун кодта æма устур деси бафтудта, сауæнгæ ма нæ курухон æма фæлтæрдгун финсгути дæр.

Оскар дигорон поэзимæ æ хæццæ 'рбахаста, уæди уæнгæ зонгæ нæ, фал æстæфгæ дæр ке некæд ма æркодтан, уæхæн нæуæгдзийнæдтæ. Цубурдзурдæй, зæнхæбæл фæндон нæма рафсарстæй, уотемæй поэзий арви реубæл æхецæн бунат ракодта. Æмдзæвгæ нæ, фал ин æ уотид еунæг рæнгъæ дæр неке хæццæ ес феййевдзигæнæн, поэт неке фæнзуй, неке тæвагæ имæ хъæртуй. Æррæстæ 'й, Хуцау куд равардта, уотемæй рацудæй æхе цубур æма æвæд фæндагбæл.

Оскари 'сфæлдистадæ 'й нæхемæ хуæнхаг сауæри хузæн сатæг, рæсог æма æвдадзæхæссæг. Куд фулдæр си ниуазай, уотæ си æдонугдæр кæнис, фæндуй ма дæ, никкидæр ма си еу хупп искæнун, уомæн æма адæймагæн дæттуй зæрдæхцæуæндзийнадæ æма цидæр æнахур нифс, куд арфдæр найай æ поэтикон цади, уотæ арфдæр си нигъулис, æнæбари дæр æй зудуолæфæ кæнис уæлдæфау.

Фиццаг хатт æ цæстæ ка æрæвæра Оскари æмдзæвгитæбæл, уомæ, ка 'й зонуй, æма æнахургомау фæккæсдзæнæнцæ æ сорæттæ, æ рабарститæ, фал е рæстæгмæ фæззинд æй, уомæн æма æ поэзи домуй арфгъудикæнуйнадæ. Нæ имæ иссердзæнæ дзæгъæл дæбал-дубул финститæ, æ алли дзурд, æ алли рæнгъæ дæр æй сарсийнæй листæг лæурст. Уой медæги æй сæ кæдзосдзийнадæ, сæ оригиналондзийнадæ.

Гибизи-фурти æмдзæвгитæ рæстæги хæццæ кæддæриддæр æмдзо кæндзæнæнцæ, карæ син нæййес, нæ син ес базæронд уæвæн, алли доги аккаг дæр æнцæ, уомæн æма æхсист, фесард æнцæ царди æцæгдзийнади курдбадзи, рæстдзийнади цæхæри. Уомæ гæсгæ, æндонау, зæлланг кæнунцæ адæймаги гъоси.

Поэт цардмæ еске цæстæй нæ кæсуй, фал æй æстæфуй æхердигонау, æхе зундæй ин аргъ кæнуй, уомæ гæсгæ уотæ бæрæг даруй æ поэзий хевæрцондзийнадæ.

Кæддæр Оскари 'сфæлдистадæбæл дзоргæй, Малити Васо æригон автори рахудта – феномен. Мадта, баруагæс уи уæд, Васой цъухæй ба уæхæн рабарст дзæгъæли хумæтæги не 'схаудтайдæ. Поэти бон адтæй æ поэтикон сорæт хумæтæги царди ести фæззелæни, кенæ дзаумауи хæццæ исбæттун, фал си уойхигъд уой бæрцæ уоди хъаурæ бауадзидæ, æма – фæнди денгиз уа, фæнди – гъæунгæ, фæнди – тефсег, æцæгау æристунцæ нæ цæстити рази, æма сæбæл адæймаг дузæрдуг кæнун райдайуй, – атæ æцæг уодти хецау æнцæ, æви æррæстæ мигæнæнтæ...

Кæсис æмдзæвгæ æма къехæй райзаис, – ауæхæн гъудитæ, ауæхæн рабарститæ кæцæй ес æргъудигæнæн, зæгъгæ. Цума циуавæр тухæ, изæдихай агъаз кодта Оскарæн е 'сфæлдистади. Уæхæн бæрзæндæмæ 'й ка исхъæртун кодта? Еци фарста ахид раттун мæхемæ, фал ибæл дзуапп раттун ба мæ бон нæй. Æвæццæгæн, е дæр поэзий сосæгдзийнæдтæй еу æй.

Гибизти Оскари хæццæ базонгæ дæн 1977 анзи нæ республики æригон финсгути семинари. Адтæй ми анз кæстæр. Мæ бон уотæ зæгъун нæй, æма бустæги хъæбæр æрдхуæрдтæ адтан, зæгъгæ. Нуртæккæ беретæй фегъосæн ес не 'мдогонтæй, – Оскар мæ хæццæ хъæбæр лимæн адтæй, зæгъгæ. Етæ мæнгæ дзубандитæ 'нцæ, е æ рæсог уодмæ еунæгей дæр хæстæг некæд бауагъта. Зин нивналæн адтæй æ тæнзæрдæмæ. Æ поэзи куд хецæн кæнуй, æхуæдæг дæр уотæ хецæн кодта адæмæй. Зинæууæндæн уоди хецау адтæй, уомæн æма, æ рæстæги, æ фарсмæ ка адтæй, уонæй ибæл беретæ гадзирахаттæй ахид рацæуионцæ, æма хатир ба нæ кодта уæхæн фæливдадæ. Адтæй еугæндзон раст æма иннети дæр уотæ æнгъалдта. Зæрди гъæнæ ба æрæгæмæ дзæбæхгæнагæ фæууй, уомæн фæгъгъæуй рæстæг. Оскарæн ба рæстæг нæ адтæй æ цубур царди.

Уогæ, уотæ зæгъун дæр мæ бон нæй, æма Оскар еугур æхгæд адтæй, зæгъгæ. Æ поэзи куд æнкъард æй, бустæги уотæ нæ адтæй, уарзта цард æ еугур фæззелæнтæ æма æууæлти хæццæ.

Æз ма студент адтæн, уотемæй фембалдан Дигорай редакций æмбурди. Уордиги ку рацудан, уæдта мин Ос¬кар уотæ бакодта: цæуæн Созури цирт фæуунинæн, зæгъгæ. Бацудан уæлмæрдтæмæ æма циртдзæвæн баййафтан бустæги æнæкойгондæй. Бафснайдтан æй, байисæрститæ кодтан, уæдта 'й райдæдтан хуарун. Гъе уæд исхаудтæнцæ Оскари цъухæй мæнæ аци дзурдтæ Созури цирти рази: «Уæлæбæл мин дæ цори бунат нæ разиндтæй, фал мин уæддæр мæрдти дæ фарсмæ бунат æрцæттæ кæнæ», зæгъгæ. Уæд еци дзубандитæмæ мæ гъос бустæги уотæ не 'рдардтон: ку нæбал адтæй, уæдта мæ зæрди æрæфтудæнцæ.

Цубур адтæй Гибизти Оскари цард, трагикон ба æ хъисмæт. «Райевгъудæй мæ цард. Уотæ ма уарунбон райевгъуйуй. Хорискаст. Арвæрттивд. Арви гупп. Сæх-сæх уард. Хорнигулд», – финста поэт. Куд идардмæ уинагæ адтæй, куд!

Куд фулдæр æнзтæ цæуй, уотæ нæ никки хъæбæрдæр æхемæ æлвасуй Гибизи-фурти 'сфæлдистадæ, нæ хорхбæл нин æрвæдзæг æвæруй æ тухст æма трагикон кæрон. Нæ еу дæр ни нæ балæдæрдтæй æ уодæгасæй поэти сагъæс, æ мæтæ, æ уоди нигъгъæр. Æма нур ба фæсмони аги фицæн, нæ еугур дæр ихæсгин адтан уомæ фарс бадарунмæ, фал ни неке райевдалдæй, уæдта æхуæдæг дæр æмгæрон некæмæ цудæй, æргъæу кирау адтæй æ уод, е 'сфæлдистадæ, æстæнтæй уæлдай, игон кæнун некæмæн кумдта.

Оскари поэзи æй, берæ æнзти дæргъи ма исхъæртæн кæмæ нæма уодзæнæй, уæхæн риндзæ.

Поэти æмдзæвгитæ ма амæй размæ мухургонд цудæнцæ журналтæ «Мах дуг», «Ирæф», еумæйаг æмбурдгонд «Уазай дæлфæзи». Рауагъдадæ «Ир», 1978 анз.

Фæстæдæр, цæмæй æ киунугæ «Слеза в глазу колыбели» хецæнæй рацудайдæ æ фæсмæрдæ, уобæл зæрдиагæй байархайдтонцæ Гибизти Руслан, Оскарæн æхе æнсувæр Астемур, киунуги редактор Скъодтати Эльбрус æма иннетæ. Оскар Дигорай ци скъолай ахур кодта, уой фарсбæл федаргонд æрцудæй къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг æ номбæл. Е ба конд æрцудæй Æгъузарти Таймураз æма Лолати Батрази фæрци, æма сæбæл хуæрзауодæн кæнæд.

Аци æмбурдгонди ци æмдзæвгитæ æма æлвæст гъудитæ мухургонд цæуй, уонæй беретæн ес дугай-цуппæргай варианттæ, æма сæ гъуди еумæйаг ке фæуй, уомæ гæсгæ ба син равзурстан сæ нæуаргундæртæ.

Оскари меддуйне, æ уоди сконд, цардмæ æ цæстингас æма æ зæрдихатт бустæги хъæбæрдæр раргом æнцæ æ финстæгути, уомæ гæсгæ сæ мухур кæнæн, æхемæ куд æнцæ, уотæ – æнæййивдæй. Киунугæмæ ма хаст цæунцæ, поэти туххæй ци æмдзæвгитæ æма гъудитæ загъд æрцудæй, уонæй еуцалдæр.

Уæлдæр куд бафеппайдтан, уотемæй, Оскар финста æ зæрди рæстдзийнадæ, æ уоди сагъæстæ, æ катай... Æрмæст æ еу æмдзæвги хæццæ исарази ун ба нæ бон нæй. Поэт финста: «Нæ гъæун мæ Дигори...»

Оскар, гъæр мæрдтæмæ дæр игъусуй æма мах гъæр дæр дæумæ фегъусæд. Ду алкæддæр гъудтæ æма гъæудзæнæ Дигори, Иристони адæми, цалинмæ ма не 'взагбæл еу дзорæг уа, уæдмæ! Æгæр æрæгиау нæ райевдалдæй дæумæ, æгæр æнæрæвдудæй рандæ дæ, æма ди уой туххæн ба хатир корæн! Есо Киристей царди бæрцæ адтæй æдеугурæй дæ цард æма уæхæн рæсогæй байзадтæ нæ зæрдити дæр.










**Киунугæдæнтти Еумæйагуæрæсеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 27 майи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн уонæми косгутæн сæ цитгийнаг фæллæнтти туххæй.**

*цийфæнди нæфæткиаг гъуддаг дæр ка бакæндзæнæй, уæхæн адæймæгути соцъа 'ма геруз... Сайтан гъавта æ зунди тухæ басæттунмæ, цæмæй ибæл бæхбадт искодтайдæ. Фал Оскар еци мæлæтдзаг тохи састæй нæ байзадæй, басæттæн дæр ин нæ адтæй, уомæн æма æ сугъдæгдзийнадæ æма искурдиадæ æнæмæлæт разиндтæнцæ. Æ бон ку нæбал адтæй, уæд æ уод Киристейау равардта Хуцауи къохмæ».*





## ГИБИЗТИ Оскар:

# «Цæбæл кæуис, мæ зæрди бундор? Куд талингæ 'й мæ гъудий хæдзарæ...»

** * **
*Мæ гъудити косартæн растъегъдзæн æ цар,*
*Ра ин уадздзæн æ тог,*
*Ра ин тондзæн æ зæрдæ,*
*Бацæйтондзæн амонди æвæрæнти дуар.*

*Ис дзи есдзæн уæд сог,*
*Зинги бæсти – мæ бæлдæ,*
*Ниффæлсодздзæн цийнæ...*
*Баниуазæ æмдзæвгæ.*

***ГИБИЗТИ ОСКАРÆН***
*Цæбæл зарис, биццеу, цæбæл зарис,*
*Сау нимæти ма тохæ ду хор,*
*Æмдзæвги рæнгъитæй цæмæн фасис*
*Ду нæ царди дзиккоти цæлхдор?*

*Де 'взонг сагъæсти дорин куройнæ*
*Цийни тунтæ раинсуй æваст.*
*Ескæд уодзæй дæ зурнæ буройнæ,*
*Амонд дин ниййауаздзæй дæ маст.*

** * **
*Думги зармæ бериндзуй бæласæ,*
*Цъеути зар тургъæбæл ивулуй,*
*Дидингути сагъæси халасæ*
*Зæнхи горцъе хъуритæ кæнуй.*

*Налат думгæ уозуй зæнхи ростæ,*
*Сатæг дон къæл-къæл кæнуй бунæй.*
*Арви дзиппæй хорæй 'дзаг тæрхъостæ*
*Цийни тунтæ калунцæ зудæй.*

** * **
*Никкодтон мæ гъæбеси нæ гъоги*
*'Ма кæугæй исбадтæн æ рæбун.*
*Æ цæстити саури зæрди ходи*
*Е мæнæн ниггæлста æд æрхун.*

*Айдагъ е мин кæнуй тæрегъæд,*
*Айдагъ е ку лæдæруй мæ зин.*
*Е мæбæл макæддæр исæййевæд,*
*Ба мин дарæд æ касти кæрдзин...*

***ИЗÆР***
*Синæр цæгъдуй зæронд уæрдундонæ,*
*Дуари хъист цæгиндзæй æуугелгæй.*
*Дуари бæхбæл нур цæги идонæ*
*Мæ нана бакодта фæлладæй.*

*Ба мæ хондзæй нуртæккæ æ уатмæ,*
*'Ма, аргъæутти авдæни рæхцгæй,*
*Игъосдзæн æдзинæг думги зармæ,*
*Гъуди 'й дзосæй мæ зæрдæ гъæцгæй...*

***УОДИ ЦЪÆХАХСТ***
*Ниммæ уагътæ!..*
*Корун уи!..*
*Алцидæр уин фæууæд хатирæй,*
*Æрмæст мин мæ æмдзæвги*
*Рæнгъити хулуй гъæмпæбæл*
*Рист зæрди æстъæлфагæ къæбиси*
*Уе 'взæгти гулдзуг ливзæ къохтæй*
*Уæддæр къохæвдулд ма кæнетæ,*
*Корун уи!..*

** * **
*Некæд уарзтон адæми,*
*Раздæрти уарзинæ мæхе.*
*Фал нура мæхе дæр нæбал уарзун.*
*Фуддæр ма ци фæууй:*
*мæ цæсгони денгиз – къæйнаг ех,*
*Ходæзмоли хæрæг еци ехбæл*
*истун нæ фæразуй.*
*Фуддæр ма ци фæууй:*
*реуи арми хæссун нимæхстæй,*
*Фæрскъити æнгулдзитæй хуæцун*
*фуд зæрди уæззау дорбæл.*
*Фуддæр ма ци фæууй;*
*æмдзæвги рæнгъитæй бид æхсæй*
*Тогфедуд бакæнун мæ рист уоди.*

** * **
*Нæ гъæун мæ Дигори,*
*Мæн дæр нæ гъæуй мæ Дигорæ...*
*Нæ уарзгæй мæ адæми,*
*Се 'хсæн æргъæвст уодæй цæрун...*
*Нæ гъудтæн мæ Дигори,*
*Мæн ба куд гъудæй мæ Дигорæ!..*
*Нæ астæу – бæрзонд горен,*
*Амад æй цæстисуги дорæй.*
*Еци дор нæ арæнмæ*
*Ластон мæ рист зæрди уæрдуни.*
*Мæ бæллецти уорс кауæ?*
*Кæддæр æррадæнтти байзадæй,*
*Дохтиртæ 'й се 'взæгути сиутæй*
*Фæлластонцæ уесгай.*
*Исбийон нæуæгæй?.. Ме 'взонгади циртбæл*
*Бæлди таутæ не 'рзадæй...*
*Гъеуæхæн дессаг!..*
*Нæ гъæун мæ Дигори,*
*Мæн дæр нæ гъæуис, мæ Дигорæ...*
*Ци ми кæни мæнæй?*
*Ци ми кори?..*

***САЛД ЗÆРБАТУГ***
*Цæбæл кæуис, мæ зæрди бундор?*
*Куд талингæ 'й мæ гъудий хæдзарæ...*
*Мæ æмдзæвгæ иссæй мæгургор,*
*Нæй мæ бон дзурдти согæй ниндзарун.*

*Мæ сагъæси тикис æй мæллæг,*
*Хуæдмæл дзурди æгасей не 'ртасуй.*
*Æй мæ уарзти кæркдонæ ниллæг.*
*Мæ амонди уасæнгæ нæ уасуй.*

*Цъæх изгæ мин бахуардта мæ дзурд.*
*Мæ зарæг æрихгæд æй халасæй.*
*Салд зæрбатуг абони бæлвурд*
*Æрхаудтæй мæ цийнити бæласæй.*

** * **
*Мæ сæри хæдзарæбæл уаруй*
*сос дзубанди 'й зуст мет:*
*Сау федис уорс гъости гъосинтæбæл*
*æндзæр æрæнцадæй.*
*Фест уæнги донуайæнбæл рæхги*
*рауадздзæн карди хед:*
*Цæстити къæрæзгитæ ниууиндзæнцæ сæхе*
*тæвдæ тоги цъифцади.*
*Аци фæнди ауон*
*сонт зунди тар авари хуссуй,*
*Е 'ригъалæй тæрсгæй,*
*æзмæлун нæ уадзун мæ ристади.*
*Уорс роси тъæригъосбæл тæлфуй*
*цæстисуги сау фус...*
*Æрæгиау богъ-богъ кудт*
*æвзаги хуссæнæй исистадæй.*

***МÆ ЦÆСГОНИ КОЛДУАР***
*Мæ цæсгони колдуар...*
*Цæстити æрттевагæ 'вдозæнтæ*
*Берæ 'нзти, бонæй-бонмæ*
*Исæрст цæстисуги сойнæй.*
*Мæ цæсгони колдуар...*
*Фæллад сæри уæлмæрдти уорсзæнгæ –*
*Бæлдитæн циртдзæвæнтæ –*
*Уорс гъунтæмæ колдуар игон æй.*

*Мæ цæсгони колдуар...*
*Адæмæн е æхгæд некæд адтæй,*
*Цæстити æвдозæнтæбæл, цит,*
*Æнæмæтæй кодта елхъина...*
*Рæстæгутæ цудæй.*
*Æрæги йбæл бæзгин ниууардта*
*Кедæрти соцъа 'нгасти сау мет.*
*Æма ма дин, мæгур, ци кæна?*

*Нæбал комуй игон:*
*Мети уæзæй нæййес æзмæлæнтæ,*
*Æрмæстдæр ма сæри уæлмæрдтæмæ*
*Фæууй бацæуæн.*
*Æз имæ айдæни цадæбæл банайун...*
*Кæдæй бæллун мæлæтмæ,*
*Кæдæй ковун адзалмæ...*
*Мæ бон ку нæбал æй... цæрун!*

***МАДÆМÆ***
*Рагæй дæр æнгъæлдзауæй цæрун дæ адзалмæ,*
*Ку рамæлай – æз дæр дæ фæсте рамæлдзæн.*
*Уæлæбæл адæми 'хсæн мæ цард ци уазал æй,*
*Сæ бугъзур цæстæнгас – мæ уодæн нивæрзæн.*
*Цæй, цæуæн дууемæй дæр мæрдтæмæ. Æууæндæ:*
*Цирмæ нæбæл федиси сау мет нæ уардзæй...*
*О, мæ ном, ме 'знæгти æвзæгти*
*ливзæ къохти уомæн дæ?*
*О, мæ цард, ци ди зонун хуарзæй?!*

**Искурдиадæгин поэт Хутъиати Налухъи фурт Цыппуй райгурдбæл 21 майи исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1938).**

***Цæгат Иристони адæмон финсæг Хугати Сергейи исфæлдистадæ хуарз зундгонд æй Иристони киунугæкæсгутæн. Нур ба бабæй син сæ зæрдитæ барæвдаудзæнæй æ нæуæг лæварæй – æрæги дуйней рохс хецæн киунугæй фæууидта æ роман «Арвы нæмыг». Æвдист си цæунцæ евгъуд æноси дуккаг æмбеси цаутæ æма хабæрттæ.***








# НÆ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ НИН ГЪÆУАМА ТАБУЙАГ УА...

Нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бон бæрæг кæнуни рæстæги ци мадзæлттæ арæзт æрцудæнцæ, уонæй сæ сæйрагдæртæй иссæнцæ дууæ цауи – Дзæуæгигъæуи бундорон цалцæги фæсте байгон æй Хетæгкати Къостай номбæл литературон музей. Фиццаг хатт æ дуæрттæ байгон кодта æхсæз æма цуппаринсæй анзей размæ, Къостай райгурди 80 анзей юбилей бæрæггонд ку цудæй, уæд. Игонгонд ба æрцудæй Ирон аргъауæни. Уой фæсте ба ин равардтонцæ Цæгат Иристони бæстæзонæн музейи историон хайади бæстихай.

Нуртæккæ музейи æвæрæнти æфснайд æнцæ инсæй минемæй фулдæр экспонаттæ, сæ багъæуай кæнунæн ес гъæугæ уавæртæ. Музейи сæйраг экспозици ахæссуй æртæ райдзаст зали.

Музей нæуæгæй байгон кæнуни мадзали архайдта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æма æ радзубандий уотæ загъта:

– Араздзинан еугур мадзæлттæ дæр, цæмæй багъæуай кæнæн не ’взаг, нæ културæ, аййевадæ, Иристон æма хуæдхуæцгæ адæмихатт цæмæй ан, нæ еци хæзнатæ.

Æхцæуæн æй, Хетæгкати Къостай номбæл Ирон литератури музей ке байгон кодта нæуæгæй æ дуæрттæ. Цийнæдзийнадæ ’рхаста айдагъ косгутæн нæ, фал маддæлон æвзагбæл дзурд, аййевадæ, културæ, фидтæлти уодварни æносон хæзнатæн аргъ ка кæнуй, еци адæми алли фæлтæртæн.

Бæрæгбон исфедудта Цæгат Иристони филармоний адæмон инструментти оркестр «Иристон»-и музыкантти аййевадæй.

* * *

Нæ бæсти Гæрзефтонг тухти æма профессион литератури зингæ æма ахедгæ фæд ниуугъта не ’мзæнхон æхсаргин æма искурдиадæгин финсæг, драматург, Мæздæги районы станицæ Черноярскийæй рацæуæг **Мугути Мæхæмæти фурт Хаджи-Мурат** (1893-1968).


МУГУТИ Хаджи-Мурат

Искурдиадæгин финсæг æма нифсхаст æфсæддони ном исæносон кæнунбæл зæрдиагæй байархайдтонцæ Галати Бариси номбæл национ-културон æхсæнадæ, нæ республики финсгути Цæдес, фонд «Æмархайд» æма Хетæгкати Къостай номбæл Ирон литератури музей. Уони хъæппæресæй æрæги арæзт æрцудæй арфиаг гъуддаг – Хаджи-Мурат 1923-1925 æнзти Дзæуæгигъæуи Горькийи гъæунги ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл æвæрд æрцудæй нæуæгæй арæзт аййев мемориалон къæйдор фæйнæг. Фиццаг номерæн фæйнæг ба игонгонд æрцудæй 1987 анзи, фал ибæл рæстæгути фæд фæббæрæг æй – фæддæртгун æй æма ’й иснæуæг кæнун багъудæй. Уобæл байархайдта – зундгонд скульптор, Уæрæсей Федераций хузæгæнгути Цæдеси иуонг **Сабети Геуæрги**.

Нæуæг арæзт мемориалон фæйнæг кадгин уавæри байгон кæнуни туххæй Мугъути Хаджи-Мурати хæдзари размæ арæзт æрцудæй кадгин мадзал. Уордæмæ æрбамбурд æнцæ нæ республики æхсæнадæ, аййевадæ, културæ æма рауагъдæнтти косгутæ, Черноярски станици раздæри æма нури цæргутæ, æфсæддон, киунугæкæсгутæ.

Номерæн æмбурди райдайæни æ цард, æфсæддон архайд æма исфæлдистадон нади туххæй радзурдта Галати Бариси номбæл национ-културон æхсæнади сæргълæууæг **Гаглойти Лянæ**. Радзубандима си кодтонцæ мадзали архайгутæй беретæ.

Номдзуд ирон композитор, станицæ Черноярскийæй рацæуæг, рохситауæг æма фольклорист Галати Бариси музыкалон уадзимистæ аййев цагъдæй æмбурди архайгути зæрдитæ барохс кодтонцæ Дзæуæгигъæуи æфсæддон гарнизони еугонд оркестри музыканттæ.





Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **700**. Заказ **№ 1110**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 23.05.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 23.05.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**